



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON LISANS ALKÒL 36 ETABLISMAN
ANPLIS POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK
KOWONAVIRIS YO**

*Gen lisans alkòl sèt etablisman ki te sispann akòz operasyon ilegal nan zòn
mikwo-gwoupman yo*

Yo te sispann 279 lisans biznis alkòl pandan ijans sante piblik la

*Yo te depoze ak trete 1,867 akizasyon jiska jodi a; mijzajou lis sispansyon ak
akizasyon yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 36 lòt ba ak restoran nan Eta New York apre li jwenn yo nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki lye ak pandemi an, ki pote kantite total lisans alkòl yo sispann pandan pandemi kowonaviris la a 279. An total, 1,867 chaj te depoze kont ba ak restoran yo pou vyolasyon règ ki vize sispann pwopagasyon yo ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

Gen lisans alkòl sèt etablisman ki te sispann pou operasyon ilegal nan zòn mikwo-gwoupman eta a deziyen, ki sijè ak plis restriksyon akòz pwopagasyon COVID nan kominote a ki ogmante.

"New York toujou gen youn nan to enfeksyon ki pi ba nan peyi a epi se yon testaman ki montre jan Nouyòkè yo djanm ak ini epi ap fè sa yo kapab pou limite pwopagasyon an. Sepandan, gen kèk etablisman ki te kontinye inyore règ yo, mete kliyan yo ansanm ak tout kominote yo a andanje malerezman", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si nou bese gad nou epi inyore règ sante piblik debaz yo, peryòd ivè sa a ka youn nan peryòd ki pi difisil nan pandemi sa men nou p ap kite sa rive. Nou konnen vaksen an nan wout, nou konnen gen limyè nan fen tinèl la, men si nou bay vag kounye a epi tounen moun ki pa gen disiplin, sa ap pran nou plis tan toujou pou nou rive la."

Prezidan Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a, Vincent Bradley, te deklare, "Pandan n ap antre nan peryòd ki pi frèt epi oblije rete pa anndan, li se yon obligasyon pou biznis yo kontinye respekte direktiv yo nan eta a. Nouyòkè yo dwe kontinye mete mask, pratike distans sosyal, ak swiv pwotokòl sove lavi yo ki anplas pou kenbe nou tout an sante".

Otorite Alkòl Eta a kontinye efò pou fè aplike lwa yo nan tout eta a, kote gen yon konsantrasyon espesifik sou zòn ki gen gwo ogmantasyon nan ka COVID-19 yo, sa ki gen ladan zòn mikwo-gwoupman eta a deziyen yo.

N ap jwenn anba a yon repatisyon konte pa konte pou 36 etablisman ke Konsèy Otorite Alkòl Eta a te emèt òdonans dijans pou bilan sispansyon ba yo.

Nan Vil New York:

- Bronx - 3
- Brooklyn - 4
- Manhattan - 4
- Queens - 8
- Staten Island - 4

An deyò vil New York:

- Albany - 1
- Broome - 1
- Chautauqua - 1
- Erie - 2
- Nassau - 1
- Suffolk - 4
- Westchester - 3

N ap jwenn yon lis 36 ba ak restoran ki sispann ansanm ak enfòmasyon sou vyolasyon yo ak dat sispansyon yo [isit la](#).

Yo enpoze Bilan Sispansyon Ijans yo lè SLA a jwenn ke kontinyasyon fonksyonman yon biznis lisansye menase sante ak sekirite piblik. Yo remèt òdonans sispansyon yo soulechan epi yo rete anvigè jiska nouvel òd, avèk sanksyon maksimòm lan ki gen ladan anilasyon lisans lan nan fason pèmanan ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki te resevwa yon sispansyon dijans gen dwa pou yo jwenn yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA. Se Prezidan Bradley, Komisè Lily Fan ak Komisè Greely Ford ki te òdone sispansyon yo pandan plizyè reyinyon espesyal Komisyon Konplè a te fè ant 23 oktòb ak 6 desanm, atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman kote yo te swiv direktiv distans sosyal yo.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)